



Pou Piblikasyon Imedya: 18/06/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NÈF NOUVO SIT VAKSINASYON TANPORÈ NAN SIT VÒT ANTISIPE YO

*Sit yo sible kominote kote pousantaj vaksinasyon an pi ba pase mwayèn eta a
Done vaksinasyon pa kòd postal yo anliy kounye a sou [Tablodò](#)*

Tout sit yo ouvri pou vaksinasyon san randevou epi y ap sèvi moun yo nan lòd yo rive a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a nèt nouvo sit vaksinasyon tanporè ap ouvri nan sit vòt antisipe oswa toupre, k ap konsantre sou zòn kote done kòd postal yo montre pousantaj vaksinasyon an pi ba pase mwayèn nan tout eta a. Sit sa yo rive posib gras ak patenarya ak gouvènman lokal ak patnè medikal yo epi yo vize rann vaksen an pratik epi aksesib nan zòn sa yo ki gen plis bezwen an.

"Nou rete vrèman konsantre pou rann vaksen an aksesib nan chak kominote, epi nou prale tout kote Nouyòkè yo ale pou rive jwenn yo," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou konnen gen kèk zòn ki toujou an reta pou vaksinen moun yo, epi nouvo sit tanporè sa yo nan sit vòt antisipe yo ap pèmèt Nouyòkè yo fè travay sivik yo yon sèl fwa - vote epi twouse manch yo."

Anons jodi a fonde sou angajman New York pou pote vaksen an bay kominote yo nan eta a atravè sit vaksinasyon tanporè yo. Depi 15 janvyè, plis pase 250 sit kominotè tanporè te administre plis pase 90,000 premye dòz nan vaksen kont COVID-19 la.

Jou operasyon yo pou chak nan sit sa yo disponib anba a:

NEW YORK CITY

Columbia University Irving Medical Center Russ Berrie Medical Science Pavilion

1150 St. Nicholas Avenue,

New York, NY

Ouvri: Samdi 19 jen

SUNY Downstate Medical Center

450 Clarkson Avenue

Brooklyn, NY

Ouvri: Samdi 19 jen

Claremont Neighborhood Center

489 East 169th Street
Bronx, NY

Ouvri: Samdi 19 jen

Rochdale Village Community Center

169-65 137th Avenue

Queens, NY

Ouvri: Samdi 19 jen

Gerard Carter Center

230 Broad Street

Staten Island, NY

Ouvri: Samdi 19 jen

LONG ISLAND

Huntington Public Library (Station Branch)

1335 New York Avenue

Huntington Station, NY

Ouvri: Samdi 19 jen

CAPITAL REGION

Karen B. Johnson Library

99 Clinton Street

Schenectady, NY

Ouvri: Dimanch 20 jen

FINGER LAKES

Edgerton Recreational Center

41 Backus Street

Rochester, NY

Ouvri: Dimanch 20 jen

WESTERN NEW YORK

Broadway Market

999 Broadway, Buffalo NY

Ouvri: Vandredi 18 jen

[Tablodbò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen COVID-19 la. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodbò a pou reflète mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinasyon Eta a.

Nouyòkè ki sispèk fwod nan pwosesis distribisyon vaksen an ka rele kounye a nan 833-VAX-SCAM (833-829-7226) oswa voye imèl bay Depatman Sante a nan STOPVAXFRAUD@health.ny.gov. Anplwaye liy ijans yo ap achemine plent yo bay

ajans investigasyon ki apwopriye yo pou asire ke Nouyòkè yo pwofite de travay Eta a pou vaksinen tout popilasyon ki elijib la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)